No. 3 17 Januari 1929 Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris: (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS-COLLÈGE DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

## ISINIPOEN.

Lampah koela dateng Ngeroem — Goentoer-Geni — Gesang rerajatan lan djagad Sociaal — Saja ngangseg — Kabar mengeng — Pakempalan derma — Bahagia koela gatosaken — Nerang — Toemoet oeroen-oeroen sakedik — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

## LAMPAH KOELA DATENG — NGEROEM. —

*Rome (30) 29 Nov. 1929.*
*Via S. Nicola da Tolentino.*
*Sambetipoen Sw. Tm. no. 2.*

Setoe éndjing djam sedasa koela ndèrèk sowan dateng kraton Vaticaan ingkang sapisanan. Amrih sampoen kapentjil pijambak, koela anggamblok para Rama sawatawis bangsa Fransch, Messopotami, Arab lan Tjina, ingkang sami ngandikan Fransçh, dados inggih kapeksa nandoeki ginem tjara prans.

Sadoemoegining ngaloen - aloen ngadjengaken Grédja St. Petroes. mengiwa nrabas èmper tratag ingkang mèh ngoebengi aloen - aloen, andjog ing plataranigoen St. Domianus. Plataran poenika dipoenkoebengi gedong warni-warni, oepaminipoen kantor pos lan kantor kawat ing pradja Vaticaan. Saking plataran mlebet régol sekètèng ingkang kadjagi pradjoerit bangsa Soewitser. Salah satoenggal kapatah nedahaken margi. Sasampoenipoen minggah oendak-oendakan wongsal-wangsoel noeroet margi wijar kaapit - apit témbok kalapis marmer, toer mawi pyan témkok oegi kalapis marmer, ladjeng doemoegi ing Bangsal wijar pesagi djrambah, témbok, langitan kelapis marmer pèlès lan polèng mantja warni, kadjagi pradjoerit sadaja, mandi lawoeng mawi waos. Sandanganipoen pradjoerit sarwa lorèk djené toewin biroe.

Wonten ing rikoe para prijantoen kakoeng poetri ingkang sami sowan sampoen sami samekta ngentosi dawoeh. Panganggé mitoeroet prenatan, kakoeng poetri sarwa tjemeng, para wanita nganggé koedoeng soetra krawangan tjemeng.

Samangsa wonten para loehoer ingkang rawoeh, kados déné Kardinal, Biskop, Doeta mantja pradja, oetawi Satrija (ridder) loehoer pradjoerit djagi kaantri dipoenabani tjaos oermat. Wah tjantas, jèn sinawang. Tijang sedaja sami gagah rekaos toer djaka².

Boten antawis dangoe wonten poenakawan menganggé sikepan lan sroewal pandji-pandji soetra abrit gilap, lan ngatoeri para kakoeng njinggahaken topi. Sadaja tampi nomer. Sareng sampoen, para sowan kairit dateng bangsal londjong, ingkang saged amot koersi kalih atoes, inggih poenika bangsal konsistori.

Menggah gebyaripoen bangsal ngengreng sanget. Djrambahipoen marmer, témbokipoen dipoenlangsé soetra abrit katjeplokan sekar praosan toer mawi dipoen-gantoengi gambaran ingkang misoewoer.

Plangitanipoen kaoekir kakotak-kotak amrok asri, mamèraken kaprigelanipoen ingkang nggarap lan nandangi.

Bangsal waoe kapérang dados tigang pérangan. Koela atoeri mriksani gambar in ngandap poenika.




**Katerangan.**

- ▬ dampar kentjana.
- ◆◆◆◆ bloedroe kawiroe minangka singgetan.
- ◎◎ koersi.
- ━━ dingklik kalèmèkan sembet woengoe.
- ━━ lenggahan pandjang kalangsé soetra abrit.
- •—• léndéjan lenggahan ngiras slintroe andap.
- ...... konten.
- * * para oelama loehoer, ingkang ngamping - ampingi lan ngladosi ngarsa dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Sinanta Rama.
- ** para Satrija loehoer, mengagem keprabon pradjoeritan.
- V V para opsir loehoer.
- 1. Ingkang soemoenoe Kardinal Lorenti.
- 2. „ „ „ Ehrle S.J.
- 3. Ingkang dahat sinoeba Pengageng-ipoen College bangsa Scot, pramoegarinipoen para ingkang nengenaken kasoebagjan.
- 4. Ingkang langkoeng sinoeba Rama Djéndral S. J.
- 5 lan 6. Doeta mantja - pradja; ingkang satoenggal doeta pradja Inggris.
- 7. Satoenggiling Biskop.

Para ingkang sami sowan kairid mlebet kori no. II; para wanita kapoerih linggih wonten ing koersi. déné para wirja wonten ing dingklik. Bokmenawi sami kepéngin priksa wonten ing poendi papan koela. Sampoen sami kagèd, lo! Koela atoeri mriksani gambar ingkang setiti lan koela tjaosi antjer-antjer. Para maos rak ladjeng saged nginten-inten pijambak. Koela kapapanaken wonten ing bangkoe, sawingkingipoen Kardinal Ehrle (2) let koersi palenggahan kalih ingkang kotong. Dados tjelak singasana roekmi, tebih - tebihipoen let 3 M. Wingking koela Rama saking Scotland, ingkang nanggel lan ngrigenaken kasoebagijan, sisih kiwa Rama Abé saking Djepan.

Sareng para kardinal (namoeng 2) para Bisschop lan Rama Generaal S. J. kaapit - apit ing Doeta kekalih, sampoen sami tata lenggah, ngersa dalem tedak ginarebeg ing para Oepsir lan Satrija loehoer, poenapa malih para oelama loehoer. Sedaja djèngkèng, ngersa dalem paring berkah, noenten pinarak ing dampar. Sasampoenipoen Ingkang Sinanta paring sasmita kanti asta tengen, sedaja ladjeng linggih.

Pramoegarining para ingkang ngadjengaken kasoebagjan madjeng, djèngkèng, ngadeg lan wiwit maos nawala dalem, ingkang nerangaken bilih Rama Giovani Ogilbé imam S. J. lan missionaris ing tanah Scot (Inggris sisih lèr) sédanipoen pantjèn séda sahid, pantes kaangkat dados soebagja martir. Nawala waoe kaserat ing basa Latijn.

Bakda nawala kawaos, ngersa dalem imbal pangandika, ngagem basa Itali, soeraosipoen kénging karingkes makaten:

2. Ingkang Sinanta paring panarima dateng ingkang sami njamboet damel, ngadjengaken kasoebagjanipoen martir ing Scotland.

2. Ngendikakaken, menawi Rama Giovani Ogilbé boten ngemoengaken séda margi kapitadosanipoen, nanging oegi margi toehoe dateng kawadatanipoen lan katresnanipoen dateng Ngeroem, dateng Vaticaan, dateng Kangdjeng Paus.

3. Kepjaking kasoebagjan dadosa toelada dateng kadang Katolik, ingkang kapeksa gesang ing madyanipoen sesami ingkang boten noenggil saréngat.

4. Paring pitedah dateng para sowan, amrih tatag, toehoe sentosa ing gesangipoen, boten perloe adjrih senadjan rinoeboeng ing sambékala manékawarni, sinerang karoban mengsah, toer boten katah toenggilipoen mengsah ing pabaratan. Sebab poetraning Widdi tansah djinangkoeng ing Ramanipoen ingkang Maha-asih, Maha-koewasa!

Koela kerep mangalotjita lan mirengaken piwoelang prekawis pasrah lan pitados ing Allah, nanging toemandjemipoen dateng manah boten kados sapindah poenika. Djalaran wedaring gagasan lantaran temboeng, ingkang midjil saking toetoek dalem Ingkang Sinanta Rama, Sesoelih Dalem Sang Kristoes. Gegentosipoen Santo Pétroes, ingkang kapasrahan ngengèn para ménda toewin tjempé, ingkang sami soemebar ing saindenging djagad.

Kala semanten koela temtoe kémawon anggagas dateng kadang koela Katolik ing tanah Djawi, ingkang taksih nama kaslempit, sok asring kelara - lara, kekirangan srana ingkang saged ambombong raosing manah sadoe. Éwasemanten senadjan keraos - raos, meksa oegi boten alitan manah, boten oewas, margi ngèngeti, bilih Goesti wonten ing poendi - poendi. Asta dalem boten wonten ingkang koewagang nangkis oetawi ndoewa.

Bibar pangandika, Ngersa dalem nglilani para loehoer sawatawis ngabekti panembah pada dalem.

Sasampoenipoen paring berkah dateng ingkang sami andèr sowan, Ngersa dalem koendoer ngedaton kadèrèkan para pendèrèk.

Para ingkang sami linggih ing satjaketipoen singa-sana sami dipoenedoemi toeroenan nawala dalem ingkang mentas kaandaraken, awoedjoed lembaran ageng, kaglintir tinangsoelan soetra woengoe mawi gombjok djené. Koela oegi tampi. Ing sasaged-saged badé koela emiemi minangka pènget.

Bibar poenika koela teroes magita-gita medal konten I, mendet topi, lan gegantjangan dateng bangsal ingkang kanggé ningalaken pisoengsoengipoen pradja Duitschland, ingkang mentas dateng. Pisoengsoeng waoe woedjoed bala-petjah kagem kemboel dahar andrawina, warni ambengan sabangsanipoen tjatjah 600 idji. Sedaja kasoengging lan kapraos bergas, toer garapan tangan, dados boten kaetjap. Katingalipoen ngéman - émani jèn kagem dahar, mèh kesaénen. Temtoe kémawon kirang pakolèh jèn dipoenanggé lambaran ngoejoep djangan bobor, oetawi ngoeleg sambel bawang.

Béndjing éndjing Ngahad sapisann ing woelan December, koela kalilan ndèrèk Mis wonten ing St. Pieter, ingkang koendjoekaken ngersa dalem ingkang Sinanta Rama. Dinten Selasa 3 Dec. kadawoehan sowan ngabekti dateng Vaticaan.

*A. S.*

## GOENTOER - GENI.

Kados inggih katah prijantoen ingkang sampoen priksa bilih Goentoer-Geni poenika namaning doesoen kabawah kaonderan S a n d è n, distrik P a n d a k, tebihipoen saking kita Ngajogjakarta watawis ± 17 paal, kepernah ing sakidoel - kilèn kita Ngajodja.

Ing doesoen Goentoer-Geni, poenika tetijangipoen katah ingkang sami ngrasoek agami Islam, oegi wonten malih ingkang sami ngrasoek agami Protéstan, awit kantja Protéstan oegi sampoen dangoe anggènipoen amentjaraken kabar kabingahan Indjil soetji, wonten ing koekoeban ngrikoe; tandanipoen boten tebih kalijan Goentoer - Geni wonten Hospitaal jasanipoen zending, manggèn ing doesoen Sandèn. Dados inggih boten anggoemoenaken, bilih ing ngrikoe sadèrèk Protéstan oegi katah tjatjahipoen.

Ing Goetoer-Geni wonten sadèrèk gangsal, awasta poen: Martasoewita, Soeradirja, Kartasentana, Setrakarija toewin Mangoenkarija.

Tijang gangsal poenika sami adedasar ngèlmoe makripat, lan oegi ngèlmoe klenik; poenapa malih mawi awewaton: Goesti Allah ikoe ana ing papan tjioet ora sesak, ana papan amba ora lodok.

Wondéné sadèrèk gangsal poenika ingkang dados pangadjengipoen sdr. Martasoewita, sanèsipoen namoeng ambantoe.

Saking pepadanging Pangéran, ing Gandjoeran wonten goeroe agami i. p. R. M. Prawiramandjaja, ingkang boten ngétang sajah anggènipoen anglampahi ajahan Dalem, mentjaraken Indjil ing sagadoekipoen.

Noedjoe satoenggiling dinten poen Martasoewita saged pinanggih kalijan goeroe agami ing nginggil lan oegi kepranan ing rembag prakawis agami, pramila wiwit ing dinten poenika njagahi toemoet woetjalan ing Gandjoeran seminggoe kaping kalih. ( 5 paal tebihipoen ). Rèhipoen tebih, dangoening-dangoe poen goeroe agami mesakaken lampahipoen, toemoenten pijambakipoen ngawoni ndatengi ing Goentoer-Geni, mawi piet.

Saking pepadanging Pangéran pasinaonipoen kalijan gampil, kados dédé kadjengipoen pijambak. Djalaran poenika saged noenten kabaptis sesarengan kalijan kantjanipoen watawis wonten **pitoe.**

Sabakdanipoen poenika saja ngangseg katah malih ingkang sami toemoet woetjalan kinten-kinten tijang **sèket.**

Ing salebetipoen woelan December 1929 wonten tijang **nembelas** ingkang sami kabaptis.

Poen Martasoewita namanipoen Silvester, Soeradirja Matheus, Kartasentana Marius, Setrakarija Martinus toewin Mangoenkarija Pétrus.

Wiwit dinten poenika, tijang gangsal waoe sami kaparingan santosaning kadjeng, sadaja sami nijat damel Grédja alit-alitan, kanggé anjekapi kabetahaning Katholiek ing doesoen Goentoer-Geni.

Sadaja sami roekoen, toewin boten nilar ing sembahjangan; saoegi badé toemandang ing damel, boten nglirwakaken sembahjang, langkoeng-langkoeng manawi kekirangan wragad oetawi badé.

Menggah ingkang kagarap roemijin njitak banon, kalijan nglempakaken kadjeng kanggé mbesmi banon waoe. Wiwit njitak doemoegi rampoeng dados banon dangoenipoen **kawan** woelan.

Sapoenika tijang gangsal waoe wiwit nandangi damel Grédja i. p. padamelan soetji; wonten ingkang pados wedi, wonten ingkang damel oesoek, wonten ingkang ngrembag gamping, wonten ingkang ngoekoer-oekoer papanipoen toewin sanèsipoen; sadaja waoe boten nilar sembahjangan, sabab watonipoen: „Goesti Jésoes ikoe Maha-soegih, jèn disoewoeni apa-apa sing dadi kaboetoehaning soekma, mesti bakal maringi.

Katjarijos témboking Grédja moebeng sampoen dados, kantoen kori toewin tjandéla dèrèng wonten. Badé toembas kadjeng, boten gadah jatra; badé neda pitoeloenganing sanès, roemaos kirang sreg. Gagasanipoen katimbang neda kawelasaning sanès, aloewoeng njoewoen dateng Goesti Jésoes, ingkang mesti *soegih* ing samoekawis, toer inggih ageng kawelasanipoen doemateng para oemat."

Wasana sadèrèk gangsal waoe sami sembahjang sesarengan akanti oermat, pitados, telatos toewin troesing manah, perloe njoewoen kadjeng, kanggé kori toewin tjandéla. Goesti Jésoes rena sanget midangetaken panjoewoenipoen sedèrèk gangsal waoe, woesana saking kersaning Goesti, rama Van Driessche tindak dateng Goentoer-Geni.

Sakondoeripoen ing Pastorie Kampementstraat, kaleresan priksa rama Beune saweg andoengkari kadjeng djatos badé dipoen boetjal, awit katingal ngregedi pastoeran.

Sanalika rama van Driessche ladjeng ngendikan kalijan rama Beune prakawis kadjeng bongkaran poenika, sampoen ngantos kaboetjal, badé kaparingaken sadèrèk Goentoer-Geni ingkang ambetahaken sanget. Wasana kadjeng toemoenten kaoesoeng dateng Goentoer-Geni.

Kadjawi poenika sadèrèk Prawiramandjaja saged njetijaraken kori ageng tilas korining kandang montor kagoenganipoen toewan Schmutzer Gandjoeran.

Sapoenika Grédja Goentoer-Geni sampoen dados, kagarap ing dalem gangsal woelan; jasanipoen sadèrèk Djawi, (tijang gangsal) inggih boten ageng, kinten-kinten tjekap tijang 100. (soek-soekan).

Tetep pangéram-éram poenika koela mastani, awit namoeng tijang gangsal toer inggih boten soegih, poenapa malih boten abanda kapinteran, teka saged damel jejasan ingkang kados mekaten.

Padvinder Gandjoeran sami toemandang toemoet ngréntjangi reresik ing djawi, poenapa malih oegi ngatoer-ngatoer ing nglebet Grédja, saéngga sarampoengipoen katingal saé. Tanggal 3 Januari 1930 dawah dinten Djoemoewah sepisan, Grédja waoe dipoenberkahi pandjenenganipoen rama van Driessche, mawi Mis ageng. kadjenengan pandjenenganipoen rama Hagdorn lan rama Hellings.

Kadjawi poenika toewan Schmutzer nèm sepoeh, kalih - kalihipoen kalijan ingkang garwa, poenapa malih sadèrèk ing Ngajodja ± 30 ageng alit, sami merlokaken angombjongi, angramèkaken dinten berkahan poenika.

Para zangers saking Gandjoeran winantoe oengeling orgel, soewantenipoen angrangin, adamel regenging pakoermatan. Padjang-padjangan ing djawi toewin ing nglebet oegi katingal angresepaken.

Bibar Mis watawis djam 10 langkoeng saprasekawan, sadèrèk Silvester Martasoewita, atas namaning sadèrèk gangsal angatoeraken panoewoenipoen dateng para rama-rama, miwah para toewan-toewan lan njojah-njojah, oegi dateng para tamoe sadaja, déné sampoen kersa andjenengi angramèkaken dinten poenika.

Kadjawi poenika angandaraken babad-babadipoen, déné pijambakipoen saged mertobat toewin kadospoendi déné Grédja Goentoer-Geni saged dados. Wondéné soeraosipoen inggih kados orèhan ing nginggil.

Sadèrèk Setrakarija oegi nglairaken bingahing manahipoen, déné Padaleman Soetji saged dados, lan sapoenikanipoen oegi sampoen binerkahan.

Sadèrèk Soegiri atas namaning K. W. Ngajodja, ngatoeraken kasoegengan dateng para sadérèk ing Goentoer-Geni, ingkang sami gotong rojong ada-ada adamel Grédja, ingkang sanget ageng pigoenanipoen. Poenika pantes kinarja toeladaning para oemat Katholiek sadaja.

Boten langkoeng koela toemoet memoedji, moegi-moegi Padaleman Soetji ingkang sampoen binerkahan poenika sageda sangsaja dangoe, sangsaja ambijed oewohipoen toewin angrembaka ronipoen, wasana saged angajomi para sadèrèk ing Goentoer-Geni sadaja.

Pandjenenganipoen rama Van Driessche ngandika atas namaning para Walandi lan njojah-njojah, bilih sadaja para tamoe sami goemoen, déné wonten krekat ingkang kados makaten, toer inggih saged saé kedadosanipoen. Nanging inggih katambahan, sampoen ngantos oemoek angsal pangaleming sanès, awit oemoek poenika dedasar ingkang andjalari tebih dateng Pangéran. Prajogi matoer noewoen dateng Goesti Allah, lan njenjoewoen soepados pinaringana saja anggregoet mboedjeng sampoernaning gesang.

Ing wasana moegi-moegi lelampahan nginggil poenika sageda dados paloepining para oemat Katholiek sadaja, toemoentena saged kalampahan ing sanès panggénan.

Taklim koela
L. J.

# L A R A S A T I.

## GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

### Wewenang lan wadjibipoen tijang sepoeh dateng anak.

Sampoem tjeta sanget, bilih tijang sepoeh ingkang gadah wenang lan wadjib moelasara anakipoen. Lan sapoenika poenapa ingkang kedah katindakaken?

Manoengsa poenika toemitah ingkang kaparingan boedi, kadadosan saking soekma, ingkang boten badé sirna lan badan ingkang badé sirna. Ngèngeti ingkang makaten poenika, sampoen terang sanget, poenapa ingkang kedah katindakaken ing tijang sepoeh; nomer satoenggal marsoedi saéning soekmanipoen laré; panggoela-wentah rohani (geestelijke opvoeding) kedah karoemijinaken, kedah kaewrataken ketimbang panggoela-wentahdjasmani (lichamelijke opvoeding), senadjan panggoela-wentah djasmani boten kénging katilar, o babar pisan boten

Manawi laré taksih alit, bijoengi-

poen pijambak ingkang kedah moelasara, njoekani teda; dados boten kénging kalémbaraken dateng tijang sanès. Déné manawi badanipoen ringkih kénging kapasrahaken ing sanès, manawi poenika saras ing sadajanipoen. Prakawis poenika sadèrèk Djawi kados boten soesah soemelang adjrih bokmanawi nilar wadjib; awit sadaja kémawon, inggih prijantoena, inggih tijanga limrah, tentoe ndjagi dateng anakipoen (baji).

Tijang sepoeh kedah ngreksa kawiloedjenganipoen badan toewin soekmanipoen anak. Pangreksanipoen sarana ndjagi:

Soepados anak sampoen ngantos tjelak-tjelak ing bebaja pedjah oetawi bebaja ingkang njirnakaken kasarasanipoen. Bangsa prijantoen asring gadah abdi ingkang ngoelat-oelataken poetranipoen. Bangsa tijang alit boten toemindak makaten poenika. Mila sasaged-saged ladjeng dipoenemong pijambak, toer mawi kasambi njamboet damel. Manawi sampoen gadah anak ingkang ragi ageng, poenika ingkang kapoerih momong; ananging ingkang momong waoe kerep taksih remen dolan pijambak, ladjeng soepé dateng momonganipoen; woesana kerep manggih tiwas.

Samangsa laré sakit, tijang sepoeh kedah énggal-énggal pados djampi, moerih saras sakitipoen. Ingkang prajogi ngoendang dokter oetawi tijang ingkang ngertos ndjampèni. Sampoen pisan-pisan tijang ngoegemi kolotipoen, namoeng pados oesada satjandak-tjandakipoen kémawon; terkadang neda toeloeng. tijang ingkang boten soemerep babar pisan dateng djampi. Langkoeng-langkoeng manawi sakit nglebet boten ketingal, poenika sinten ingkang saged mantoenaken, kedjawi ingkang sampoen damang poenika?

Tijang sepoeh koewadjiban njoekani pangadjaran dateng anak; liripoen: ndjagi kedadosanipoen ing béndjing. Sakinten tijang sepoeh boten katenggan ing banda kanggé bektani anakipoen, kedjibah sanget ngoedi soepados anakipoen angsal pakarjan, sageda ladjeng gadah pangoepadjiwa pijambak.

Sakatah-katahipoen tijang sepoeh boten kirang ingkang owel tjoetjoel arta kanggé madosaken kasagedaning anakipoen; kosok-wangsoel, wonten kémawon tijang sepoeh ingkang boten ngéman ngedalaken wragad kanggé mbandani anak, sebab koemedah-kedah gadah anak ingkang dados prijantoen, ngantos sadaja sapanedanipoen, sanadjan ingkang kirang nalar pisan, inggih dipoentoeroeti.

Makaten poenika boten prajogi; tijang ingkang nomer satoenggal nama kirang djembar pamawasipoen; déné ingkang nomer kalih, kénging kawastanan kirang ngatos-atos.

Tijang sepoeh boten kénging babar pisan ngawoet-awoet bandanipoen kanggé rerojalan; ananging kedah gemi, wekel panjamboet damelipoen, soepados sageda wonten ingkang kanggé dinten wingking; dados njèlèngi poenika sampoen wadjibipoen. „Wong toewa, kang koedoe ngloempoekaké brana anaké; ora kosok-balèn, anak kang koedoe golèk banda kanggo wong toewa:" makaten pangandikanipoen rasoel agoeng Santo Paoloes.

Doemoegi semanten koela saweg ngrembag koewadjibanipoen tijang sepoeh dateng anakipoen ing babagan djasmani; dinten wingking ngrembag sanèsipoen.

Noewoen. *A.*

## SAJA NGANGSEG.

Mangsoeli prakawis serat kabar padintenan kangé tijang Katholiek priboemi.

Wonten ing Sw.T. no. 39 (8 November 1929) koela angèngetaken: Kados-poendi sagedipoen kita tijang Katholiek priboemi damel serat kabar padintenan; ladjeng dimas C. Ordeeka wonten ing Sw. T. no. 42 nerangaken sapinten agenging pigoenanipoen serat kabar, sarta nedahaken kados-poendi pamanggih lan pangandikanipoen para pinoendjoel lan para soegih koepija, sarta nglairaken gagasan toewin goemoenipoen. Ingkang makaten poenika dimas C. O. kénging koela wastani notjogi wontenipoen dagblad, lan oegi katingal anggènipoen remen badé ambijantoe. Boten langkoeng sageda kaboel lan kataha sadèrèk inkang makaten! Ing Sw. T. no. 45 sadèrèk Soe-Tédja nerangaken awrat lan betahipoen tijang badé damel dagblad, lan neda soepados nganggé basa mladjeng, toewin mastani jèn koela gadah oesoel. O, boten, prakawis oesoel boten babar pisan, koela namoeng nenangi lan angèngetaken, mangga koela atoeri maos sapisan malih! Prakawis basa Mladjeng: soemangga! Déné ingkang sampoen oesoel dateng P.K.W. poenika K.W. Blitar (mirsanana verslag K.W. Blitar ing Sw.T. no. 45). Lah mangga koela atoeri manggalih saèstoe.

Sapinten agenging goenanipoen prakawis ingkang dipoenoesoelaken?

Kados-poendi oesoel waoe saged toemindak poenapa boten?

Toemindakipoen waoe kados-poendi njengka poenapa boten, badé ngoetjiwani poenapa boten?

Saged lestantoen poenapa boten? Tjekakipoen kedah kapanggalih ingkang pandjang: awon lan saénipoen kados-poendi? Béndjing kanggé sangoe dateng congres P.K.W.

Éman sanget jèn para kadang Katholiek priboemi taksih sami dèrèng mangertos dateng agenging goenanipoen pers. Poenapa taksih kirang pandjang oréhanipoen dimas C.O.? Poenapa taksih kirang terang? Ing Tamtama Dalem Dèwi Marijah 15 December 29 poenika oegi nerangaken sapinten dajanipoen Pers. Sanadjan sadèrèk Afrika, ing wekdal sapoenika sampoen sami sengkoet toemandang wonten ing pers. Poenapa kita tijang Djawi Katholiek namoeng badé ngétja-étja kémawon? Temtoe boten! Koela pitados jèn sadaja gotrah Katholiek djaler èstri badé saijeg roekoen mbantoe ngagengaken pers kita. Koela pitados jèn poenika badé kapanggalih saèstoe.

Oesoel waoe sagedipoen toemindak mitoeroet sadèrèk S. T. kedah gadah pawitan—poenika leres. Lah soemangga sami pados pawitan. Manawi owel èntré sapoenika damel andil kémawon. Agenging andil f 10; tjatjahipoen 1000. Dados saged damel pawitan f 10.1000. Ingkang kénging toembas andil sadéngah tijang lan kénging langkoeng satoenggal.

Betah baoe, waton sampoen wonten artanipoen, saèstoe gampil. Mila ingkang kedah karoemijinaken anggènipoen pados pawitan roemijin.

Ing wasana sadaja poenika waoe koela soemanggakaken dateng kadang Katholiek sadaja, minggahipoen dateng K.W.K.W.; soemengkanipoen dateng P. K. W. P. K. W. tamtoe sampoen damang sanget dateng bétah kita tijang Katholiek ing babagan sociaal. P. K W. temtoe inggih ndjagi sanget dateng wiloedjenging tijang Katholiek ing tembé wingking. P. K. W. temtoe ngemen-emenaken sanget damel jejasan lan nggegesang jejasan ingkang sampoen dados, namoeng kanggé kita tijang Katholiek toemoeroenipoen dateng anak-poetoe.

Ingkang poenika mangsa borong!

*M. J. S. Hardjasoebrata.*

## KABAR MENGENG........ DAMEL KIRANG SENENG.

Bintang Mataram*) metik wartos Soematra bode, makaten wosipoen:

Alasan *Padri diboenoeh orang*, sebab ia *didakwa memboedjoek perempoean dan* gadis-gadis *dengan antjaman!*

Lo, memboedjoek bab poenapa, bab agami, poenapa bab sanès.

Manawi ingkang martosaken ngertos terang temtoe saged damel katrangan maton. Manawi kabar kados makaten waoe boten pantjèn dipoendamel kanggé . . . . . . padri, koela wani mastani djoeroe kabar mengeng waoe, boten ngertos terang, namoeng getok toelaaaaaar blèkèn.

Kaoeningana temboeng: „memboedjoek" poenika toemrap moerid padri damel sakiting koeping. Éwadéné jèn pantjèn maton badé poenapa malih, alah gelar déning jekti! Mangké gèk temboeng Padri oegi sanès malih, ha rak kodjooeer pitoelikoer. Ngatos-atos prijantoen, menawi damel pawartos. *Bajoeworo.*

## PAKEMPALAN DERMA.

*A.* Dospoendi dimas, panggènan pandjenengan sampoen wonten tjabang K. W. oetawi P. P. K. D.?

*B.* Boten saged kamas. Sapisan sedèrèk Kath, boten sapintena katahipoen; kaping kalih panggènanipoen pating prentja tebih-tebih.

*A.* Makaten kémawon dimas. Menawi ngedegaken tjabang K. W. oetawi P. P. K. D. boten saged; ngawontenaken pakempalan derma kémawon. Gampil-gampilan saangsalangsalipoen. Oepami koewadjibanipoen lid namoeng kedah derma saben woelan, apesipoen fo, 10. Kados boten badé kawratan.

*B.* Ladjeng, jatranipoen kadermakaken dateng sinten?

*A.* Wa, poenika prakawis gampil. Oepami kanggé derma Sw. T. ingkang 20%; kanggé V. L. S. 50%; sanèsipoen kanggé sadijan, bokmanawi wonten ingkang betah dipoendermani; kadosta: ing anoe wonten karisakan, ing anoe badé ngedegakan Grédja Djawi l.s.p.

*B.* Inggih, tjobi woelan ngadjeng koela ajatanipoen.

*A.* Manawi sampoen saèstoe madeg; perloe kakabaraken ing Sw.T. soepados katiroe ing sanès panggénan.

*B.* Inggih sendika. P. P. T.

*) Béndjing malih kaseboetaken nomer pinten. Red.

## BAHAGIA KOELA GATOSAKEN.

Ontjèn P. Mérah*) ingkang toemoedjoe Bahagia koela anggep kasinggihan sanget. Kados-poendi penampi Bahagia? Jèn manoet soemerep koela remen dateng djedjeg kelatjoeting temboengipoen, ingkang dipoensaroewé kedah bikak topi kados saben-saben anggènipoen ngendika dateng katah, minangka pambélaning kadjedjegan. Déné mangké meta-meta, koela ingkang migatosaken ladjeng kepeksa ngoetjap looo, lan sedia „gowok santerf kanil" kanggé pènipoen. Dagblad ingkang sampoen klebet popilèr, temtoe saged mboektèkaken paradahipoen, jèn kersa!

Woesana sampoen nginten Swara Tama, manedja damel tjloréngan o boten! Sw. Tama oematipoen remen lan tjotjog dateng koran djedjeg lan adil kados Bahagia wingi-wingi.

*Bajoeworo.*

## NERANG.

Ing Sw.Tm. no. 40 tg. 15-11-'29 kolom 4, larikán 13 saking ngandap, pag. 1, wonten oengel-oengelan: mangka G.D. poenika prijantoen.

Ingkang poenika, neda keparenga paring seserepan, G.D. poendi ingkang kagolong (tetep klebet) prijantoen?

Wosing pitakèn poenika, (poen panjerat) boten nijat babar pisan, mèri, srèi, goemedé, ambek koemloengkoeng, apes boten remen bangsanipoen sinoeng dradjad, poenika boten. Saloegoet kolang-kaling pinara sasra loegoe saking emeng (semangsemang oet. roengak-roengak).

Ing ngrikoe prijantoen poenapa saking Djawinipoen temboeng Ambtenaar? (pegawai, pendjabad Mlj.).

Ingkang kawastanan prijantoen poenika poenapa?

Jèn tjotjog, poen panjerat gadah pamanggih, mastani, santana koela warganing Radja. Awit saking temboeng PRAJAJI. (Manawi leres ané).


VAN LITH-STICHTING

jejasan
énggal poenika
↓
sagedipoen madjeng
↓
namoeng
saking pitoeloengan
pandjenengan

Pangrèh V. L. S.
p/a Bijz. H. I. S.
MAGELANG.


Mila ladjeng, para ingkang dédé darah, ingkang kapareng nganggé (ngagem) letter W oetawi aksara tjekakan tjirining Kraton, (oep. P. B.) kawastanan prijantoen, awit tampi serat kakantjingan (besluit). Dados abdi sinelir (pinilih) prasasat kinoela wisoeda dados warga, djer nadyan kanti rekaos nglampahi ajahan, angsal semboelih, tampi tjadong oet. pantjèn saben woelan manoet andap-inggiling dradjadipoen.

Ing sawenèhing panggènan sad. G.D. kasamèkaken kalijan bebaoe doesoen. (Sami kalijan pangkang poenapa, sami boten terang). Poen panjerat sadèrèngipoen maos Sw.T. kaseboet, pitakèn dateng salah satoenggaling prijantoen B. B., G. D. poenika prijantoen poenapa dédé? Boten angsal wangsoelan goematok poenika dèrèng terang.

Ingkang paring serat kakantjingan sinten? (toemrap pasisir lo!). Ing Vorsten Landen koela oegi boten ngretos, awit késah koela saking V.L. sampoen watawis 16 taoenan.

Ingkang mbajar sinten?

Koela gadah padjeg pasitèn satjloewik, poenika mawi intilan. Koela pitakèn dateng loerahipoen, lo, di loerah, kok mawi intilan, tyang namoeng semanten; wangsoelanipoen: o, inggih intilan poenika kanggé mbajar G.D. Poenapa leres makaten? (Intilan poenika ing padoenoengan koela ngriki lan ing doesoen koela ngrika, boten sami, kawoeningana).

Malih wonten G. D. boten kepareng mawi das lan kraag. Sabab?

Poenika poen panjerat ragi matoek, awit mbeborosi, lan boten pantes oepami nganggé openjas das-dasan, ngiringaken sémahipoen nggéndong ténggok. Na—nging sampoen kagèt, jèn wonten G.D. saged gadah fietsauto.

Wasana sampoen klintoe ing pamawas. Awit lenging sedya, satengoe tan mangangkah damel gendra.

Pangaksamanta.

DAÈNG MANGGELENG.

K. S. - Al. - Km. - Bgl. 21-12-'99.

*) Béndjing malih kaseboetaken nomer pinten. Red.

# TOEMOET OEROEN-OEROEN SAKEDIK.

Poenapa para sadèrèk sampoen maos ontjèn Patjar Mérahan ing Sw. Tm. No. 47 ingkang saking pandoegi koela kedah nomer 1 ing taoen poenika? Manawi sampoen, temtoenipoen inggih sami anjoeraos kados-poendi ngesipoen. Kanggé koela tijang redi, tebih djagad sesrawoengan, kok matoek sanget makaten poenika. Mila katah pigoenanipoen mangertos basa warni-warni poenika; sebab ladjeng djembar djadjahan kita, katah seserepan toewin bablas paningal kita, dedel moeloek doemoegi poendi-poendi. Poenapa malih boten namoeng moerakabi badanipoen pijambak, tijang sanès oegi toemoet ngoendoeh wohipoen; semanten poenika manawi boten dipoenrendem ing salebeting wardaja, nama dados wastra loengsed ing sampiram. Wah éman sanget; wonten toeladanipoen? ..... Katah sanget.

Para sedèrèk! soemangga tjantjoet, sampoen kèndel ing margi, ngombjongi sad. Patjar Mérah; langkoeng-langkoeng poengkasaning oréhan pantes kita gatosaken, inggih poenika: njaèkaken economie. Propaganda, oeroen baoe pinten-pinten, badé sakedik tandjanipoen, samangsa lembèk oetjoeling kantong. dados zonder economie. Sakedik badé paédahipoen, kita mangertos basa mantja warni, manawi boten saged andatengaken ingkang dipoenwaos, alias koran-koran saking mantja negari. Lan oepami kita dèrèng mendet koran kita pijambak, poenapa badé kedoengsang-doengsang pados koran sanès negari? Lo, sawenèhing tijang inggih wonten ingkang makaten poenika, nanging.... Makaten poenika wonten èmperipoen sakediiik sanget, oepami kémawon bab regi. Kados „De Tijd", poenika dagblad, medalipoen sadinten-dintenipoen ngantos nembelas katja, kok namoeng pangaos f 4,50 sakwartaal. Koela ragi ngoengoen. Anggoemoenaken malih: „De Tijd" sapoeka mawi avond-poenapa ochtendblad koela soepé, reginipoen malah ..... medak, namoeng f 4. sakwartaal. Poenika kados-poendi; djoedeg koela!! Poenapa margi katah ingkang dados abonné poenapa kados-poendi poenika.

Kersanipoen ki Patjar Mérah temtoenipoen namoeng ingkang soemedya bantoe Sw.Tm. dados boten sadaja; mangké ladjeng kados-poendi! Nijat kemadjon, kados déné Toerki. Présidènipoen, sang Kamal Pascha poenika ada-ada énggal; ngrembag saèstoe dateng kemadjengan, ngantos kénging dipoenwastani modern embahné modern. Tijang priboemi ngrikoe dipoenpeksa sinaoe basa Latin; sanès *aksara* Latin, nanging *basa*, i. p. basanipoen tijang Itali roemijin; basa Latin, sapoenika sampoen boten kaoetjapaken; nanging basa Itali sapoenika, wonten èmperipoen katah. Basa Latin waoe poenapa badé katah pigoenanipoen toemrap tijang priboemi ngrikoe? Koela kirang priksa; nanging katah ingkang mangajoebagja tradjangipoen sang présidèn. Kok anèh.

Para maos! Poenapa ngriki badé kepéntjoet dateng pranatan poenika? Mangké gèk sadaja ladjeng sinaoe basa mantja negari! O, sampoen soemelang; boten-botenipoen badé salang toendjang rebatan roemijin. Oepami sèwoe wonten setoegel kémawon, sampoen nama katah. Lo, koela boten badé njepèlèkaken, babar pisan boten, ananging ningali ingkang sampoen kelampahan, nitik ada-ada sanès, gadah tékad ageng poenika nama *awis*.

Ngertosi oengeling sastra poenika boten angèl, ananging manawi kedah ngraosaken asining sarem oetawi paiting bratawali, siapa maoe? irèn; akoe trima ana ing boentoet ..... Lah rák kodjoer makaten poenika.

Para sadérèk! Soemangga ngangseg; sampoen ngétja-étja sampoen ngantos telompé; mriksanami ngiwa nengen; noelada actienipoen golongan sanès. Poenika dadosa katja benggalaning tradjang kita, sebab kita oegi badé ngadjengaken bangsa.

Soemangga ngempal dados satoenggal, soepados sentosa; djaman madjeng; sinten ingkang boten poeroen?

*Pélo.*

# OPVOEDING.

## PANGLIMBANG.

*Mitoeroet Don Adrès Manjon.*

Soepados saged kadoemoegèn ingkang sinedya, goeroe poenika oetaminipoen kedah kadoenoengan watak ngatos-atos, ambek adil, santosa ing tékad sarta saged ngenggèni doegi lan prajogi. Manawi tansah ngèmoeti prakawis poenika, tamtoe toemindakipoen sakétja lan katah pakolèhipoen.

Goeroe poenika wadjib ngatos-atos, awit sinten boten ngatos-atos oetawi kirang ngatos-atos temtoe badé manggih reribed. Ngatos-atos poenika boten kénging namoeng sadinten kalih dinten, kedah saladjengipoen, awit sinten ingkang pegat ing pangatos-atos kénging dipoenwastani léna. Sinten ingkang léna kena. Liripoen kena roebéda. Pangatos-atos poenika ingkang mranata, ingkang noentoen, ingkang dawoeh poenapa ingkang kedah dipoenlampahi oetawi poepapa ingkang kedah dipoensingkiri. Sinten ingkang gadah tanggelan noentoen laré, mangka nilar pangatos-atos, sampoen temtoe gampil njimpang saking ingkang leres, saged damel kasoesahanipoen ingkang dipoenreksa, awit gampil gadah tindak ingkang dédé leresipoen. Tijang sepoeh ingkang mitajakaken anakipoen dateng goeroe, poenika gadah pangadjeng-adjeng ageng. Manawi laré-laré sami boten dados awit saking pépékaning goeroe, tegesipoen goeroe waoe adamel tjilakanipoen pijambak. Kadjawi poenika namanipoen dados awon, manawi sampoen kaladjeng, angèl anggènipoen njaèkaken.

Boten namoeng ing bab ngoelat-oelataken laré, goeroe poenika kedah ngatos-atos, sanadyan salebetipoen nampèkaken piwoelang oegi boten kénging kirang wéwéka, amékani ingkang gawat². Damel rantjangan piwoelang ingkang badé katampèkaken, poenika inggih kalebet pangatos-atos. Ngoepados réka daja oetawi srana moerih piwoelang gampil dipoenngertosi, poenika inggih pangatos-atos. Nitèni wataking satoenggal-toenggaling moerid gandèngipoen kalijan anggènipoen nglebetaken piwoelang poenika inggih tindak ngatos-atos. Manawi makaten goeroe poenika preloe sanget nitèni lagoe-lagéjaning moerid, ngoepados akal anggampilaken piwoelang, damel rantjagan woelangan kanti temen-temen, soepados kangèlanipoen saged toemandja, tegesipoen laré saged mangertos poenapa ingkang dipoenwedalaken ing goeroe. Ing saèstoenipoen sagedipoen mangertos gegelidaning piwoelang, doenoengipoen ingkang angèl-angèl toemrap laré-laré, poenika namoeng sarana pangoedi. Manawi goeroe poeroen métani tindaking piwoelang ingkang sampoen, njoemerepi menggah wohipoen, tamtoe katah paédahipoen. Poeroen takèn-takèn dateng tijang ingkang sampoen koelina njepeng laré, sampoen dangoe anggènipoen moelang moeroek, poenika pangatos-atos ingkang ageng. Sakolahan ingkang goeroenipoen sregep-sregep, tamtoe moeridipoen katah ingkang dados. Kasregepan poenika boten sanès inggih wedaring pangatos-atos. Begdja sanget moerid-moerid ingkang goeroenipoen ngaosi dateng pangkat sarta badanipoen, awit tamtoe ngarah-arah sampoen ngantos damel koetjeming badanipoen pijambak. Manawi ngaosi pangkatipoen poenika tegesipoen poeroen naliti poenapa ingkang sampoen kalampahan sarta manah-manah poenapa ingkang badé dipoentindakaken. Sampoen wadjibipoen goeroe poenika kedah kénging dipoenanggé paoegeran. Goeroe, manoet kérata basanipoen: Kena digoegoe, kena ditiroe. Ingkang poenika kedah njata ing sadajanipoen lan kedah djoedjoer lampahipoen. Perloe sanget ngarah-arah ing bab tetemboenganipoen sarta genah doedoek sèlèhing pamanahipoen. Boten preloe goeroe poenika gela manahipoen, manawi pangkatipoen boten dipoenaosi, padamelanipoen kaanggep majar, kabekta saking djam satoenggal sampoen mantoek. Ingkang ngertos rekaos lan botenipoen goeroe, poenika namoeng ingkang sampoen nglampahi ngetjakaken pandamelanipoen goeroe. Dados manawi wonten tijang basa ngemoengaken padamelanipoen tijang sanès, oetawi njepèlèkakaken amargi saking boten ngertosipoen, poenika boten preloe dipoenpredoeli, liripoen katampi lebet.

Koela wangsoeli malih oengel-oengelanipoen tijang Djawi: „Goeroe ikoe koedoe kena digoegoe lan ditiroe." Sampoen temtoe kémawon ginemipoen kedah njata, jèn nglahiraken gagasan kedah tjeta, boten wola-wali, awit manawi méntjla-méntjlé, nandakaken kirang kentjenging pikadjenganipoen. Lan malihipoen, ing sarèhning dados panoetan, badé dipoentiroe ing laré-laré, sampoen ngantos gadah tindak ingkang adamel koesoeding asmanipoen pijambak oetawi njoedakaken agengipoen ngitjalaken aosing badanipoen.

*Badé kasambet.*

# OERAP-SARI

## KABAR OEMOEM.

### INDONESIA.*)

### KATRANGANIPOEN PARÉNTAH BAB GLÉDAHAN P. N. I.

— Ngèngeti ageng̃ing preloe; ing ngandap poenika para maos koela atoeri „katranganipoen Paréntah bab glédahan P. N. I." Sanadjan pamretal koela (saking De Koerier, oegi saking verslag Balai Poestaka) koela atos-atos sanget, nanging barang pretalan poenika boten saged ngetrepi sanget. Panjoewoen koela, pamaosipoen kémawon ingkang alon."

—

**Salebetipoen parepatan Raad Kawoela kala tg. 10 Djanoewari, Wakil Préntah toemrap prakawis oemoem, toewan Kiewiet de Jonge,** paring katrangan makaten:

Toewan Pangarsa!

Ing sakawit, Paréntah mila sampoen roemaos kagoengan wadjib énggal paring katrangan dateng Raad Kawoela wonten ing tapoeking parepatan dinten poenika, bab nalar-nalar ingkang andjalari Paréntah andawoehaken ngglédahi grija-grijanipoen para pangandjoer P. N. I. Paréntah mangretos, boten namoeng Raad Kawoela kémawon ingkang anggadahi wewenang ageng kanggé neda katrangan waoe. Nanging katranganipoen Paréntah preloe toer migoenani sanget kanggé ngitjalaken kalintoe panampi poenapadéné pamanah ingkang boten leres. Pangangkahipoen College poenika, sageda énggal pikantoek katrangan, kados ingkang kawrat ing motienipoen toewan - toewan Koesoema Oetaya lss., lan ingkang sampoen tinampi déning College van Gedelegeerden tanpa mawi kaoendi kala tanggal 3 woelan poenika, saèstoenipoen namoeng ngijataken sedya ingkang mila sampoen dados karsanipoen Paréntah.

Katrangan ingkang badé koela atoeraken poenika, namoeng ngèngeti nalar ingkang preloe kémawon. Langkoeng roemijin koela nerangaken poenapa ingkang dados panggalihanipoen Paréntah déné ngantos kepeksa toemindak kados makaten waoe. Sasampoenippoen makaten, koela ladjeng badé nerangaken sakedik-sakedik bab angsal-angsalaning (paniti priksa) kanggé sawetawis wekdal (voorloopige resultaten). Wasana koela badé soeka wawasan tjekak bab kawontenan samangké, langkoeng-langkoeng gagajoetan kalijan tangkepipoen Paréntah dateng ébah - ébahaning kawoela ingkang toemindak doemoegi sapriki lan wekdal ingkang badé kalampahan. Salebetipoen poenika wonten wangsoelan pitakèn-pitakènipoen toewan Middendorp kalijan toewan Fruin, ingkang kénging kawangsoelan.

**Sebab - sebabipoen.**

Toewan Pangarsa, poenapa ingkang andjalari Préntah ndawoehaken nindakaken glédahan ageng poenika?

Kanggé mangsoeli pitakénan poenika, langkoeng roemijin kaparenga koela ngèngetaken kados poenapa kémawon pèpèngetipoen Paréntah samangké wiwit taoen 1926 dateng ébah - ébahan extrimist; kados poenapa kémawon Préntah anggènipoen mongsal - mangsoeli pèpènget sawatawis rambahan; lan wonten parepatan Raad Kawoela ingkang kapengker tjeta sanget minangka pèpènget ingkang **wekasan**. Wonten termijn ingkang wiwitan koela sampoen tjarijos, lan wonten termijn ingkang kaping kalih koela sengadja mangsoeli tetemboengan kados makaten:

„Para manggalaning ébah-ébahan „oetjoel saka Nederland" mesti inggih mangretos; propaganda ingkang katindakaken temenan (actief) sageda gagasan „oetjoel saka Nederland" énggal sanget kasembadan, poenika mesti badé noewoehaken babaja ageng reresah toewin brontakan; lan prakawis makaten waoe kaanggep **wohing** actie, inggih wohing actie ingkang kawengkoe wonten saged kalampahan [redelijk voorzienbare nawerking]. [— „De voorstanders van de „Los van Nederland"-beweging, hebben zich er natuurlijk er rekenschap van gegeven, dat een actieve propaganda bepaaldelijk voor een zeer spoedige verwezenlijking van de Los-van-Nederland gedachte, ernstig gevaar voor beroering en excessen met zich brengt, **welke als de redelijk voorzienbare nawerking** van hun optreden zouden moeten worden beschouwd."] Paréntah kagoengan pangadjeng-adjeng, Toewan Pangarsa, bilih para panoentoening bangsa toemrap laladan waoe nedahaken mangretosipoen dateng tatanggelanipoen; lan prakawis mangretos dateng tatanggelan poenika waoe dipoenakeni tjekap déning toewan Dwidjaséwaja toewin Middendorp, inggih sanadyan gagandéngan kalijan prakawis sanès.

Nanging manawi Paréntah ketjoewan pangadjeng-adjengipoen; manawi para pangandjoer waoe margi boten poeroen oetawi boten koewaos, boten mékani sampoen ngantos tradjangipoen ladjeng asipat ngodjok-odjoki; poenapadéné manawi para pangandjoer waoe toemindak kanti ngedèng tanpa tèdèng aling-aling angitjali gagasan badé brontak; . . . . ing ngrikoe boten kénging boten Paréntah badé ngetrapaken pangawasanipoen, sarta nindakaken pranatan kentjeng toemrap panoentoen-panoentoen, lan saged oegi inggih toemrap ébah-ébahanipoen. (Handelingen katja 619 lan 744).

Sasampoenipoen wonten pèpènget **wekasan** makaten poenika, t. Pangarsa, mangka tradjang ingkang lepat waoe taksih kémawon kaladjeng-ladjengaken, poenika wontenipoen namoeng badé noemoesaken **tindak.**

Wiwit awaling woelan Agoestoes kapengker, kalanipoen koela medaraken tetemboengan ing nginggil, wonten panoentoen - panoentoen P. N. I. sawatawis ingkang saèstoe ngadjak sakabatipoen sampoen ngantos ngambah margi roda peksa (geweld), poenapadéné soepados anggènipoen ngangkah kasembadaning sedyanipoen pakempalan samia nganggé srana ingkang mitoeroet oendang-oendang. Nanging kadjawi poenika pangandjoer - pangandjoer sanèsipoen, lan inggih pangandjoer-pangandjoer waoe wonten ing wekdal sanès, oetawi ingkang namoeng kèndel kémawon, dalasan manawi kapireng swanten - swanten ingkang sanès sedyanipoen, wonten ing koersoes - koersoes oetawi pakempalan-pakempalan oemoem, anggènipoen njonjorahi tetijang ingkang sami wonten ngrikoe tétéla mawi temboeng ingkang sedyanipoen ngodjok-odjoki, inggih sanadyan dèrèng nama nglanggar oendang² pisan!

**Wonten ing tetemboengan waoe, Pangawasa ingkang sah ing tanah ngriki dipoenasoraken, poenggawa-poenggawaning Paréntah dipoensapèlèkaken. Kadjawi poenika boten kirang ingkang ngedalaken witjara ingkang dajanipoen dateng para mirengaken, kados-kados Paréntah ing ngriki toemoenten énggal sirna.**

Inggih makaten poenika anggènipoen anggoegah raos boten narimah poenapadéné pangadjeng - adjeng ingkang boten - boten, langkoeng-langkoeng wonten ing Priangan Tengah. Raos makaten waoe dangoening-dangoe noewoehaken raos bentèr, ingkang manawi teroes wewah badé andjebloeg kados kekijataning kodrat, inggih sanadyan tanpa pangaribawa-teroesan saking tetijang ingkang mesti.

**Bebaja ndatengi.**

Salebetipoen Paréntah manggalih srana-srana kanggé ambéngkas kakawontenan ingkang damel prihatosipoen waoe, ing wekasaning woelan kapengker, Hoofdparket pikantoek pawartos saking poendi-poendi bab wontening babaja ndjebloegipoen (raos bentèr waoe). Pawartos makaten waoe kapireng ing salebetipoen sataoen moepoet, nanging soemebar lan satoenggal kalijan satoenggalipoen boten wonten gagandènganipoen. Kala taoen kapengker boten tarimah namoeng sapisan anggènipoen tampi palapoeran badé wontening brontak ingkang tjalon kalampah ing taoen 1930. Kabar-kabar makaten waoe, sampoen leresipoen kedah kajektèkaken leres lan botenipoen. Nanging salebetipoen woelan December pawartos brontakan waoe saja katah, sarta saja sami déné anedahaken wekdal ingkang sampoen mesti inggih poenika ngadjengaken oetawi wonten ing dinten taoen-énggal 1930. Kala samanten kabar waoe sampoen dédé kabar kaboer, nanging kabar ingkang sampoen tjekap boektinipoen. Ing salebetipoen sawatawis minggoe Hoofdparket tampi pawartos makaten poenika saking Djawi Kilèn kémawon boten kirang saking sèket pawartos; pawartos - pawartos waoe ingkang katah - katah boten gagandéngan, nanging satoenggal-toenggalipoen anggadahi sabab njekapi soepados kagatosaken. Kabar² waoe mèh sadaja toemoedjoe dateng P. N. I.

Saking poendi - poendi wonten pèpènget badé timboeling reresah; lan nitik saking kawontenanipoen mesti saking tetijang ingkang njoemerepi prakawis waoe; semanten oegi inggih tampi katrangan bab pangiming - iming ingkang nenarik manah dateng tijang ingkang mlebet ébah-ébahan waoe, kadosta awoedjoed: boten ambajar paos, gadah grija gedong, arta, lss. Manawi tétéla tijang boten poeroen mlebet, ladjeng kedadosan wonten tindak pameksa lan ngadjrih-adjrihi. Margi ngalamat - ngalamat makaten waoe, ingkang roemijin inggih kalampah ngadjengaken wontening reresah taoen 1926, lan ing sapoenikanipoen ing semoe dados pratanda badé timboelipoen reresah énggal, ladjeng noewoehaken swasana ingkang rinaos amoetawatosi, ngantos warga P. N. I. ing papan sawatawis, sami medal, boten predoeli inggih sanadyan dipoen - gondèlana barang. Sampoen tétéla tetijang waoe sami ngadjeng-adjeng actienipoen pakempalan poenika, badé kataman kadadosan-kadadosan margi tindakipoen pakempalan waoe ingkang boten poeroen nanggel bot-répotipoen.

**Boten kénging kasrantosaken.**

Nitik ingkang koela atoeraken poenika, Toewan Pangarsa, tjekàkipoen saèstoe tanpa pigoena, manawi Paréntah nglestantoenaken anggènipoen atindak njarantosaken. Manawi kalampah makaten, Paréntah tetep nglirwakaken salah satoenggaling wadjibipoen ingkang bakoe, i. p. ananggel tata tentrem wiloedjenging kawoela. Mila sampoen boten kénging dipoenoengkiri, langkoeng roemijin swasana ingkang bentèr waoe kedah dipoenasrepaken, inggih sanadyan boekti-boekti dèrèng soeka paseksèn njekapi leresipoen kabar-kabar waoe. Ing bab poenika, **boten kénging** dipoensrantosaken ngantos pakabaran brontak waoe kalampah saèstoe.

Kadjawi poenika, Justitie lan Politie toemoet tjawé-tjawé, poenika margi wonten panginten ingkang temenan, manawi sampoen wonten tindak lepat. Inggih poenika, boten namoeng nerak papatjak artikel 108 ing Wetboek van Strafrecht (bab sakoeton badé brontak), oegi nradjang artikel 169 ingkang ngawisi toemoet pakempalan ingkang badé nindakaken piawon (misdrijf). Kados ingkang kaseboet ing oendang toemrap poelisi lan joestisi, manawi wonten panginten maton toemrap tindak ingkang kénging kapatrapan paoekoeman, poelisi lan joestisi kawadjibaken nindakaken paniti priksa. Mila tindakipoen poelisi lan joestisi ingkang makaten waoe nama nindakaken kawadjiban ingkang kaseboet ing nginggil. Ing salebetipoen poenika, mesti kémawon inggih mengkoe pakarjaning poelisi anjegah piawon (preventieve politietaak). Djer oekoeman dateng pakempalan ingkang badé ngawontenaken brontak, poenapadéné oekoeman dateng tijang toemoet pakempalan ingkang sedyanipoen nglampahi piawon, tétéla sanget mengkoe dedasar anjegah wontening piawon. Margi makaten waoe, tindakipoen Paréntah boten namoeng anetepi wet, oegi kados ingkang kaatoeraken waoe, **boten kénging boten, kedah** amékani wontening kadadosan kados kala taoen 1926.

Paréntah pitados oegi, Toewan Pangarsa, bilih sadaja kémawon ingkang badé njéda lekasipoen Paréntah nindakaken glédahan nembé poenika, pantjènipoen kedah mangretos saèstoe preloenipoen angajomi kawoela sampoen ngantos kataman babaja ingkang badé andatengi, kados ingkang katerangaken waoe. Tetijang waoe mesti badé damang lan ngakeni, bilih tandoek njrantosaken makaten, boten namoeng soelaja kalijan tetanggelanipoen Paréntah, oegi ladjeng dados asipat provocatie, ngadjak-adjak (ngiming-iming; memantjing). Margi pikantoek pawartos-pawartos katah toer kénging pinitados poenika, Paréntah boten saged nindakaken pamilih kadjawi namoeng ladjeng nglampahi kawadjibanipoen.

**Pandakwa - pandakwa.**

Tebih sanget saking loehoering kawadjibanipoen Parénfah poenika waoe, Toewan Pangarsa, doenoenging pandakwanipoen **Het Indische Volk** kados ingkang ginambar sarana pitakèn - pitakènipoen toewan Middendorp ingkang wekasan. Inggih poenika pandakwa kados déné Paréntah wonten salebet lan sadjawining kantor - kantor kénging pangaribawanipoen golongan tengen; lan kados - kados golongan tengen waoe sapoenikanipoen saged anggèndèng Paréntah — inggih sanadyan mawi warana (samoedana, voorwerdsel) complot winados oetawi boten. Kadjawi pandakwa-pandakwa makaten waoe, wonten malih pandakwa amastani tindakipoen Paréntah toemrap P. N. I. waoe prakawis **politiek**. Pamanah makaten poenika, nitik andaran waoe, tétéla sanget boten resik babar pisan, pikantoekipoen dateng pabenan prakawis tindakipoen Paréntah namoeng badé amboeboetek boten ngedalaken woh. Pranatan-pranatan toemrap pakempalan waoe **saèstoenipoen preloe sanget** (objectief noodzakelijk) kanggé angajomi sadaja kawoela sampoen ngantos kataman tindak awon. Toewan Pangarsa, manawi tindak angglédahi waoe **sadèrèng sasampoenipoen** pantjèn dipoenwenangaken, toemrap angsal - angsalaning panindak, kanggé sawatawis mangsa, Paréntah kepeksa boten saged soeka pawartos. Djer tétéla salebetipoen wekdal sakedap sanget sabakdanipoen tanggal 29 December, inggih sanadyan dipoensrempeng - srempenga poenika, Paréntah boten saged milihi poenapadéné niti priksa (sadaja) barang - barang ingkang karampas, kadjawi namoeng sapéranganipoen. Oegi kedah dipoenpèngeti, prakawis poenika ingkang bakoe kagolong pakarjaning Justitie angajomi kawoela oemoem saking tindak-tindak awon.

**Angsal-angsalipoen paniti priksa, kanggé sawatawis wekdal.**

Gandèng kalijan bab angsal-angsalaning paniti priksa kanggé sawatawis wekdal (voorloopig), namoeng saged kawartosaken bilih ing dalem prakawis pinten-pinten, katjihna leresing panginten ingkang ladjeng andjalari wontening tindakipoen Paréntah makaten waoe. Inggih poenika panginten wontening kalepatan damel sakoeton badé brontak, poenapadéné toemoet pakempalan ingkang sedyanipoen awon.

Ing ngriki boten perloe koela atoeraken, Toewan Pangarsa, sasaged-saged mbéndjing amarengi kala mangsa ingkang prajogi, Paréntah badé soeka katerangan ingkang langkoeng pandjang dateng Raad Kawoela. Paréntah boten badé nglirwakaken ing sasaged-saged soeka katrangan kanti blaka soeta dateng College poenika, kados ingkang sampoen-sampoen.

**Pangadji-adji.**

Minangka panoetoep, Toewan Pangarsa, koela ngatoeraken rembag sakedik kanggé anerangaken kawontenan ing sapoenika. Langkoeng roemijin koela njoewoen kaparenga sami migatosaken tandangipoen Bestuur lan Poelisi langkoeng-langkoeng golongan Recherchedienst, ingkang andjalari kawoela saged kalepataken kalajan mesti saking bebaja ingkang boten kakinten-kinten. Poenapadéné, Paréntah ingkang toemindak mawi tjetjawis ing sadèrèngipoen kalajan saé, sarta kalampahan kadoemoegèn ingkang kinarsakaken, toer tanpa pikantoek pakèwed saha boten soesah anindakaken kekerasan. Paréntah ma-

*) Margi „Katranganing Paréntah" poenika, koela manah preloe, kabar sanès-sanèsipoen kepeksa koela sisihaken roemijin. Red.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

### SEKOLAHAN MISSIE KALIJAN OPVOEDING.

Panitya Raad Kawoela ingkang tinanggenah matitisaken palapoeran Algemeene Rekenkamer sampoen ngladosaken palapoeran. Manoet katranganipoen panitya waoe,

„ing salebetipoen taoen 1928, wontenipoen prakawis salingkoeh arta toewin barang - barang bakal (materieel), boten kirang saking 636 prakawis. Tjatjah 636 poenika ingkang dèrèng saged katemtokaken sapinten kapitoenènipoen wonten 144 prakawis. Déné ingkang sampoen saged kapastèkaken, goenggoeng ing arta ingkang kasalingkoehaken wonten f 430.918,415. Dados jèn dipoentalesihaken saèstoe, ing salebetipoen taoen 1928 waoe, goenggoenging kapitoenènipoen Nagari ingkang margi salingkoehan, mesti langkoeng saking satengah mlijoen. Mangka kala taoen 1927, kapitoenanipoen Nagari ingkang margi makaten waoe namoeng f 275.348,15. Ngèngeti kawontenan makaten poenika, rembagipoen panitya, Nagari kaparenga ngentjengi toemindaking panti priksa. Ing pangangkah, mawi lampah makaten waoe poenika, sageda ngitjalaken tindak salingkoeh, boten mawi ndadak mewahi poenggawa."

Para maos!

Kawontenan ing nginggil poenika, soeka paseksèn moersid: sadoening boeboedèn langkoeng bregas tinimbang pangkat. Tétéla oegi bilih opvoeding langkoeng mikantoeki, langkoeng perloe, tinimbang onderwijs.

Sawenèh wonten ingkang anggadahi pamanggih, wontening tindak salingkoeh poenika, kabekta saking kiranging blandja, awoning tatanan bajaripoen para poenggawaning Nagari.

Nanging, lelampahan - lelampahan ingkang sami koela soemerepi, soeka koepija boten kirang tijang balandjanipoen atoesan roepijah minggah, kelampahan njalingkoehaken arta. Dados tétéla, tetijang anggènipoen salingkoeh poenika saking anggènipoen boten saged ngendalèni moengkaring nafsoe. Tegesipoen kabatosanipoen tijang waoe boten santosa, boten saé.

***

Manawi wonten satrija Wétanan boten matoek kalijan pamanggih, anetepaken kabatosan langkoeng loehoer tinimbang kalahiran, poenika saèstoe anggoemoenaken. (Nanging jèn kamanah pandjang kaoeloer malih, ingkang makaten waoe inggih boten maiben! Djer saweg Rasoel Dalem kémawon, inggih wonten ingkang tjidra!)

Pamedar sabda R. T. Wédyadiningrat wonten konggrès B.O. ingkang kapengker poenika, anerangaken oegi bilih geestelijke cultuur makaten dados dedasaripoen bangsa Wétanan. „Kita sadaja kedah ngoedi tata tentrem adedasar Wétanan. Sarananipoen kedah ngitjali watak roemaos kirang adji (minderwaardigheid), toewin kedah ngitjali watak angkara moerka ingkang moeroegaken boten wiloedjeng, (zie Sedya Tama no. 296, tn. '29).

Tjekak, toemrap para ingkang taksih koemawoela dateng Pangéran, boten badé njélaki bilih kabatosan langkoeng perloe tinimbang kalahiran, opvoeding langkoeng penting tinimbang onderwijs.

***

Ngèngeti ageng̃ing perloe toemrap tijangipoen pijambak, toemrap brajat, gesang sasarengan, toewin pradja, poenapadéné toemrap Karaton Dalem, Pasamoewan Katholiek langkoeng mrelokaken sanget prakawis opvoeding. Mila wonten sakolahan-sakolahan Katholiek prakawis poenika inggih dipoenpresoedi saèstoe; dipoentengenaken temenan.

Mitra koela goeroe Missie, moelangi nembang moeridipoen klas I, makaten: . . . . **„Midjil.**— Akoe weroeh: boemi karo langit, lintang-lintang abjor, pating krelip goemebjar tjahjané; soerja, boelan, kéwan, toewin djanmi. Ikoe kabèh kaki, *titah* aranipoen.

—Sing nitahké djedjoeloek *Hjang Widdi, Maha-kwasa* jektos, ing sadjagad tan ana padané, angratoni kabèh titah iki: sing gedé sing tjilik, koeli lawan ratoe. enz. enz.

Nalika koela pitakèni, poenapa perloenipoen moerid klas I dipoenwoeroek makaten, wangsoelanipoen: „Pangarahkoe, bisaa soerasa maoe tjoemitak temenan ana pangangenangené botjahkoe, nganti tekan bésoek toewané. Ija bener saiki doeroeng sapiraa dajané. Nanging jèn wiwit klas I botjah apal tetemboengan maoe, bésoek diwasané bakal gedé banget paédahé. Sliranė rak ja ngerti ta ngèlmoe communisme sagolonganė? Woes kaseksèn ing para sardjana, ngèlmoe iki maoe agawé baroebahing pradja, ngroesak tata tentrem, ngemohi Allah. Moelané sabisa-bisa koedoe disirnakaké. Sawenèhing srana sing dak enggo: *panggoela - wentah ing sadjroning sakolahan.* Déné woedjoedé kaja oepamané tembang koewi maoe . . . . enz. enz.

***

Sakolahan Missie pantjèn sanget nengenaken opvoeding. Margi makaten waoe, tetijang Islam ing Tunis ngantos langkoeng seneng dateng sakolahan Missie tinimbang sakolahan openbaar. Serat kabar *Journal des Débats* sampoen naté ngewrat seratanipoen correspondent ing Tunis, (ingkang ladjeng kapetik wonten *De Koerier* 14 Oct. 1927,) soeraosipoen makaten: „ . . . . . Tetijang Priboemi ingkang golongan saged, sami anggroendeli sakolahan-sakolahan openbaar jasanipoen Parangakik. Saking pamanggihipoen, sakolahan² waoe sami ngitjalaken „mangertos ing wadjib" poenapadéné njirnakaken pangadji-adji dateng pangoewasa wonten salebeting grija lan pradja. Pangageng-pangageng (Islam) sami njoewoen dateng Maha Biskop ing Carthago, kaparenga ambikak malih sakolahan-sakolahanipoen Witte Paters. Awit wonten sakolahanipoen Witte Paters waoe, anak-anakipoen tampi panggoela - wentah Parangakik ingkang kalarasaken kalijan kaboedajanipoen pijambak.— Golongan Islam sami mangertos ing salebetipoen Islam kalijan Kath. wonten dedasar-dedasar ingkang sami: bab laksitadarma poenapadéné Agami. Nanging sami boten moedeng dateng „vrijdenkerij" déné boten ngandel wontening Allah poenapadéné soekma ingkang lepat ing pedjah. Tetijang Islam waoe anggènipoen damel wawaton tjekak aos: „Sing sapa ora netepi koewadjibané marang Allah, ora baka bisa wèwèh apa-apa marang tanggané."

***

Sanadyan golongan Katholiek mrelokaken sanget opvoeding, éwadéné tanpa witjalan katahipoen tijang Katholiek ingkang sineboet sardjana, professor, doctor, sasaminipoen! Poenika nerangaken, loehoering batos saged andjoendjoeng lahir, tegesipoen: opvoeding boten ngètèraken onderwijs.

Sinten ingkang waspada, mesti saged ndoengkap sedyaning karangan poenika!

Kumuningsaselé 12-1-'30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

## CORRESPONDENTIE:

Kartika madjeng tiga. Sinten pandjenengan? Karangan sanès boten saged kapatjak minggoe poenika; dipoensrantosaken sakedap.

## M. v. BIENE.



Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

**DJOKJA** Telf. 252 — **BANDOENG** Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran
Swara Tama
**dapat POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG

## MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED
ALCYON
DUNLOP — RIJWIELEN
R. I. W.

**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

## KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA — DJOKJA

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar
**Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO — „RATHKAMP" — MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA — „RATHKAMP" — DJOKJA

tanggoeng beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP"
dan „ERCEE"

**DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.**

## SAWEG MENTAS KABABAR.

**Boekoe: PANGANGEN - ANGEN KANGGÉ SABEN DINTEN.**

**Soegeng saha piwoelang Dalem Kangdjeng Goesti Jésoes Kristoes.**

Djilidan I ........ 500 katja

**namoeng regi f 1,25 fr. i. p. f 1,45.**

**Kénging toembas dateng:**

**a. Pastoeran Kotabaroe Ngajogjakarta.**
**b. Kantor Swara - Tama.**
**c. Drukkerij Canisius.**

## Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan BESCHUIT - BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

*Memoedjiken dengen hormat*
**Toko DJOEN & Co.**

== TOKO BARANG - BARANG ==

## H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

**Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!**

TJÈT GILAP wedalan **FRIELING** model **A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **kawadahan ing blèg, netto** | **10** | **5** | **2½** | **1** | **½ kilo;** |
| **sablèg regi** | **10,50** | **5,50** | **3,-** | **1,30** | **0,75;** |

TJÈT GILAP model **B.** kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING,
**Gondhomanan 8 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**


Sanget matoer noewoen doemateng Rama C. Lucas, zusters, verpleegsters, pangrèh pangroekti laja toewin para sadèrèk kakoeng poetri ingkang sampoen angoepakara lajonipoen J. B. Doelmadjid Prawiraatmadja ngantos doemoeginipoen ing koeboer.

Moentilan, 29-12-'29.
M. DASMA.
safamilie.

DEN 16 DEN DEC. '29 IS ONS GEBOREN
HET 2e. KIND GENAAMD:
R. EMMANUEL RINAL (HARI-NATAL) WIDYA-SOEJANA

J. B. WIDYA-SOEJANA
MOENTILAN.

**(ZALIG - NIEUWJAAR.)**

ngertos terang sapinten awrating pakarjanipoen Bestuur, Politie, lan Recherche doemoeginipoen Pangageng ingkang inggil pijambak pisan, margi kabekta saking santering actienipoen P.N.I. ing poendi-poendi, langkoeng - langkoeng ing wekdal ingkang kantoen - kantoen poenika. Margi makaten waoe, saking kaparenging karsanipoen Paréntah koela kadawoehan mahjakaken gengging pangadji-adjinipoen dateng pakarjanipoen Bestuur, Politie lan Recherche waoe. Djer margi wontening tindak makaten, para kawoela sami ladjeng kraos djendjem.

Éwadéné Paréntah inggih boten merem menggahing prakawis² ingkang toemindak salebetipoen nindakaken pakarjan waoe, ingkang boten dados karsanipoen Nagari. Langkoeng roemijin, Paréntah anggetoeni sanget, déné ing papan-papan sawatawis, Boepatinipoen boten pikantoek bagéjan sapantesipoen ing salebeting tjatjawis, poenapadéné oeroesan anindakaken pranatan ingkang kedah katindakaken kalawan toemoenten. Langkoeng malih déné panindak prakawis poenika kedah djembar sanget tebanipoen - déning ngèngeti papriksan poenika boten kénging lan boten saged namoeng katindakaken wonten koekoeban alit kémawon. Malah wadjib kadjembaraken sanget, margi sagedipoen anjekapi manawi sadaja pangadjeng-adjeng pikantoeka boekti, saged kaleksanan Toewan Pangarsa, Djembaring teba lan sakedaping wekdal, poenika bokmanawi ingkang andjalari ing dalem kadadosan pinten-pinten, salebetipoen nindakaken wadjib, wonten tindak langkah saking wates-wates ingkang sampoen tinamtokaken Pokroel Djéndral. Ing Instructie poenika, Toewan Pangarsa, katamtokaken glédahan waoe **namoeng** toemrap grija-grija lan kantor-kantoripoen para panoentoen P. N. I., semanten oegi toemrap leideripoen pijambak; sarta malih panggénan-panggénan ingkang kininten kanggé andelikaken serat-serat winados wonten salebeting gedong oetawi sapéranganing gedong ingkang dipoenanggé pakempalan waoe. Ing instructie, **satemboeng kémawon boten wonten** dawoeh ingkang asoeraos angelar tebaning glédahan lan tangkepan ngantos doemoegi tijang-tijang ingkang dédé warganipoen P. N. I., oetawi grija-grija ingkang boten dipoenenggèni oetawi boten kanggénan P. N. I.

Manoet pawartos-pawartos serat kabar ing wiwitaning woelan poenika, oegi wonten tetijang dédé warga P. N. I., poenapadéné barang darbèkipoen pakempalan sanès, ingkang toemoet kataman glédahan. Kabar-kabar poenika, ingkang kinintenipoen andjalari motienipoen toewan Oetaya njeboetaken tradjangaken Paréntah toemrap pakempalan-pakempalan kabangsan **pinten-pinten.**

Tradjang ingkang makaten poenika, babar pisan boten kaseboet wonten dawoehing Paréntah. Timbangan-timbangan Justitie ingkang awawaton dawoeh waoe, sampoen njekapi kanggé ngitjalaken panginten bilih dawoehipoen Paréntah ngèngingi oegi pakempalan-pakempalan Priboemi ingkang boten noewoehaken panjana kadosdéné P.N.I. Margi makaten waoe Paréntah nerangaken kalajan saèstoe, babar pisan boten dados karsanipoen badé toemindak ngèngingi pakempalan-pakempalan kadosdéné B. O., Mohamad Dijah, Taman Siswa, Soerabajasche Studieclub oetawi tetijang ingkang dédé warga P. N. I.; sarta pangadjeng-adjengipoen inggih sampoen ngantos toemindak makaten.

Oemoemipoen prakawis ingkang makaten poenika boten kalampahan, Toewan Pangarsa! Ingkang leres poenika, oepami ing sawenèh panggénan wonten grija ingkang dipoenanggé pakempalan-pakempalan kados kaseboet nginggil, dipoendatengi poelisi! Nanging bilih taksih wonten salebeting wates instructie—toemindakipoen namoeng manawi gedong waoe toemoet dipoenanggé P. N. I., sapéranganipoen kaenggénan warga P. N. I., oetawi lalajanan kalijan pakempalan waoe mawi tjara sanès.

**Studieclub Soerabaja.**

Minangka tjonto, Toewan Pangarsa! Toemrap Studieclub Soerabaja, manoet katrangan saking golongan Club waoe pijambak, poelisi pantjèn inggih mlebet wonten gedongipoen Studieclub. Margi poenapa? Margi ing ngrikoe doenoenging administrateur Studieclub, satoenggiling warga P. N. I. misoewoer! Nanging sareng administrateur poenika waoe nedahaken lemantoen² poendi ingkang gadahanipoen P.N.I., poendi ingkang gadahanipoen Studieclub, archiefipoen Studieclub **boten** dipoenbijak poelisi. Makaten oegi serat²ipoen Club waoe srana margi sanès boten dipoenbeslah, kadjawi serat² ingkang pinanggih wonten bundel Soeloeh Ra'jat Indonesia. Nanging serat-serat poenika inggih ladjeng kawangsoelaken toemoenten.

Tindak makaten poenika, manoet panggalihanipoen Paréntah perloe lan pantes katindakaken. Manawi ing panggénan sanès margi wijaring teba lan rikating panindak wonten nalar-nalar dédé P. N. I. (katoet) katandangan poelisi, kaparenga koela ngambali ngoetjapaken pangandikanipoen Paréntah kados ingkang sampoen koela atoeraken waoe, i.p. manawi wonten kala mangsa kaperloean oemoem kedah dipoenajomi mawi pranatan keras, saged oegi tijang ingkang boten lepat toemoet nandang sangsara sasarengan kalijan tijang ingkang lepat. Kedjawi makaten, oegi sampoen kaèngetaken prakawis poenika dédé lepatipoen Paréntah, nanging lepatipoen sawenèh panoentoen-panoentoening bangsa ingkang margi kirang mangretos dateng agenging tetanggelanipoen, andjalari awoning mitra lan kantja-kantjanipoen.

Badéja kados - poendi kémawon, Paréntah anggetoeni sanget, toewoehing panginten mastani manawi Paréntah andawoehaken nindakaken paniti priksa dateng pakempalan² oetawi tetijang ingkang dédé P.N.I.

Dawoeh makaten poenika, Toewan Pangarsa, **boten saged** toewoeh saking Paréntah ingkang sampoen kirang langkoeng tiga satengah taoen ngagem tradjang (Regeeringsbeleid) kados samangké poenika. Sinten kémawon ingkang sasampoenipoen mireng katrangan poenika, mangka taksih mestani prakawis waoe mila dawoeh saking Paréntah, mesti inggih nginten tradjangipoen Paréntah oedjoeg-oedjoeg sampoen malih babar pisan. Poenapa wonten wawaton² sanès ingkang amboektèkaken leresing panginten makaten poenika, kadjawi pamanahan kasesa lan kirang pitados?

**Tangkepipoen boten éwah.**

Tangkepipoen Paréntah dateng ébah - ébahan kabangsan — (koela kakoewasakaken nerangaken kanti saèstoe —) **tetep lestantoen boten éwah.** Inggih tangkep poenika ingkang andjalari Paréntah ngedalaken dawoeh waoe. Paréntah tansah ambédakaken golongan evolutie kalijan golongan kaoem brontak; tansah anjilahaken tindak ingkang migoenani toemrap gesang sasarengan kalijan pakarjan ingkang ambabajani lan ngrisakaken.

Paréntah tansah ngèngetaken soepados raos revolutionair sampoen ngantos langkah garis. Tansah nengenaken kados déné nglampahi wadjib loehoer, badé paring pangajoman dateng sadaja bibit ingkang ndjalari karta rahardjaning bangsa ngriki, sampoen ngantos risak déning bentjana lan roebéda.

Paréntah ing wekdal poenika angambali malih kalajan tjeta wates-wates ingkang njilahaken pakarjan sociaal ingkang migoenani kalijan ingkang ngrisakaken, pakarjan kalal kalijan ingkang kedah dipoenlawan lan dipoensirnakaken.

Prakawis ingkang kawahjakaken poenika kabekta saking dadasar-dadasar ingkang dèrèng naté dipoentilar Paréntah; déné wates poenapa déné anggènipoen anjilahaken ingkang tansah dipoenoegemi waoe, anjababaken oegi tjabang-tjabang P.N.I.—ingkang boten kénging dipoenoekiri pangaosipoen toemrap andandosi pasrawoengan Priboemi,—boten badé kasirnakaken; kadjawi ta manawi papriksan² lan kawontenanipoen mangké anjababaken kedah toemindak sanès!

Katrangan ingkang wekasan poenika anélakaken oegi bilih Paréntah mangsoeli „boten" dateng pitakèn-pitakènipoen toewan Fruin.

Doemoegi telasing katranganipoen Paréntah poenika, Toewan Pangarsa, kaparenga koela ngatoeraken ringkesan winengkoe wonten salebeting pangadjeng-adjeng bilih tindakipoen Paréntah ingkang koela gelar wonten ngriki, tétéla pantjèn sampoen kedah lan wadjib. Tindakipoen waoe boten toewoeh saking „politieke reactie" oetawi sawenang-wenang; poenika pakarjaning Justitie, tindaking pangajoman dateng kawoela, adil, lan wewenang.